



Pale sou Doulè nan Sal Ijans (ER)

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Kisa n ap fè pou ede diminye doulè pitit ou a nan ER la?

Pandan li nan ER la, founisè swen pitit ou yo pral itilize yon echèl doulè ki baze sou laj pitit ou a pou tcheke nivo doulè l la. Founisè swen pitit ou yo pral rekòmande opsyon tankou medikaman oswa lòt terapi pou diminye doulè epi fè li pi alèz.

Kisa ou ka fè si ou gen enkyetid sou doulè pitit ou a nan ER la?

Doulè ka eksprime nan plizyè jan. Fè founisè swen pitit ou yo konnen si:

- Nivo doulè pitit ou a ap ogmante oswa pwopaje nan lòt pati nan kò l.
- Yo pa t tcheke nivo doulè pitit ou a nan yon èdtan.
- Pitit ou a santi feblès oswa reyaji mwens.
- Ou santi ke pitit ou a bezwen plis èd ak jesyon doulè.

Kisa ou ka fè pou ede diminye doulè pitit ou a nan ER la?

Si pitit ou ap soufri, ekip swen pitit ou a ka sijere medikaman pou ede. Lòt bagay ou ka fè pou ede diminye doulè pitit ou a gen ladan yo:

- Mande founisè swen pitit ou yo pou konprès glas ak/oswa konprès cho epi mete yo sou zòn ki afekte a.
- Mande pou Espesyalis Child Life. Espesyalis Child Life ka sèvi ak jwèt ak lòt aktivite pou ede pitit ou a sipòte doulè.
- Mande pou Terapis Atizay ak Mizik . Terapis Atizay ak Mizik yo ka ede pitit ou a eksplore ak eksprime santiman atravè mizik, atizay, pwezi ak lòt fason kreyatif pou ede diminye doulè.
- Mande Swen Espirytyèl. Swen Espirytyèl ka bay sipò oswa konsèy relijye ak espiyityèl.

Kisa k ap pase lè yo egzeye pitit ou a nan ER la?

- Doktè swen pitit ou a ap ba w rekòmandasyon ak enstriksyon pou jere doulè a lakay ou.
- Anvan w ale lakay ou, y ap ba w papye egzeye la ki genyen enfòmasyon sou dyagnostik ak tretman pitit ou a nan ER la.
- Pote yon kopi papye egzeye yo nan tout vizit swivi pitit ou a apre ER la.
- Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan enstriksyon swen oswa jere doulè lakay ou, asire w ke w mande founisè swen pitit ou a.

Di founisè swen pitit ou a si w gen nenpòt enkyetid konsènan doulè pitit ou a.